**दिन–रविवार** **दिनांक–21.06.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

देशभरि में आई बारहम अंतर्राष्ट्रीय योग दिवस मनाओल गेल। एहि वर्षक विषय अछि– **बढ़ते उम्र के प्रभाव को रोकने के लिए योग।** योग दिवसक मुख्य आयोजन आई भोर पश्चिम बंगालक राजधानी कोलकाता मे रेड रोड पर कयल गेल। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी कार्यक्रम में योगाभ्यासक अगुआई कयलनि। एहि मौका पर प्रधानमंत्री ताड़ासन, अर्धचक्रासन, भद्रासन, त्रिकोणासन सहित कतेको योग मुद्राक अभ्यास कयलनि। प्रधानमंत्री श्री मोदी जनसमूह कें संबोधित करैत जनौलनि जे योग आई दुनियाक सभ सँ पैघ सामुदायिक उत्सव बनि गेल अछि। प्रधानमंत्री योग के शारीरिक आओर मानसिक शांति प्राप्त करबाक एक बढ़ियां साधन जनौलनि। ओ जनौलनि जे हमरा सभक लक्ष्य योगक माध्यम सँ शरीर के स्वस्थ्य ऊर्जावान आओर सक्रिय बनाओल राखब अछि।

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू मध्यप्रदेशक जबलपुर में भेल योग कार्यक्रम में भाग लेलनि। ओ लोकसभ सँ योग के अपन जीवनशैली सँ जोड़बाक लेल जनौलनि। राष्ट्रपति जनौलनि जे योग बढ़ैत उमरि मे सेहो व्यक्ति के सक्रिय आओर आत्मनिर्भर बनल रहय मे सहायक होइत अछि। ओ जनौलनि जे पिछला बारह बरख में, विश्व–कल्याणक लेल एक सशक्त माध्यमक रूप में योग पद्धति के पहिचान आओर मजगूत भेल अछि। एम्हर, राज्यपाल लेफ्टिनेंट जनरल (सेवानिवृत्त) सैयद अता हसनैन लोक भवन में भेल योग शिविर में भाग लेलनि। राज्यपाल प्रदेशवासी सभ के अंतर्राष्ट्रीय योग दिवसक शुभकामना देलनि अछि। ओ जनौलनि जे योग शारीरिक स्फूर्ति, मानसिक संतुलन आओर स्वस्थ आ निक जिनगीक आधार बनि सकैत अछि।

---

एम्हर, राजधानी पटना सहित राज्य मे कतेको ठामयोग दिवसक मौका पर योग शिविर आओर योगाभ्यासक आयोजन कयल गेल। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी पाटलिपुत्र खेल परिसर मे आयोजित शिविर मे भाग लेलनि। केंद्रीय मंत्री राजीव रंजन सिंह आओर रामनाथ ठाकुर, उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी, स्वास्थ्य मंत्री निशांत कुमार सहित पैघ संख्या मे गणमान्य

लोक सभ योगाभ्यास कयलनि। ओतहि, कतेको सामाजिक संगठन दिस सँ सेहो योग शिविर कार्यक्रम आयोजित कयल गेल।

———————————————————————

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी घोषणा कयलनि अछि जे अगिला वर्ष सँ राज्यक विद्यालय आ कॉलेजक पाठ्यक्रम मे योग के शामिल कयल जायत। पटनाक पाटलिपुत्र स्पोर्ट्स कॉम्प्लेक्स मे बारहम अंतर्राष्ट्रीय योग दिवस समारोह के संबोधित करैत ओ जनौलनि जे योग के जन–जन धरि पहुँचेबाक लेल ई डेग उठाओल जा रहल अछि। ओ जनौलनि जे योग भारतक प्राचीन आ अमूल्य सांस्कृतिक धरोहर अछि आओर स्वस्थ शरीर, शांत मन आ संतुलित जिनगिक आधार अछि। मुख्यमंत्री लोकसभ सँ नियमित योगाभ्यास के दैनिक जिनगिक हिस्सा मे लेबाक लेल जनौलनि। श्री चौधरी जनौलनि जे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक प्रयास सँ योग के वैश्विक पहिचान भेटल अछि।

———————————————————————

जनता दल यूनाइटेडक राष्ट्रीय परिषद आओर राज्य परिषदक बैसक आई पटनाक पार्टी कार्यालय में भेल। राष्ट्रीय परिषदक बैसक मे

बैसार मे राष्ट्रीय आ राज्यस्तरीय कतेको मुद्दा सभ पर चर्चा भेल। आई भोर सभ सँ पहिने राष्ट्रीय परिषदक बैसक भेल, ओकर बाद राज्य परिषदक बैसार आयोजित कयल गेल। निर्धारित कार्यक्रमक अनुसार, दूपहर साढ़े तीन बजे सँ राष्ट्रीय परिषदक दोसर सत्र भेल। एहि बैसक मे पार्टी अध्यक्ष आ पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सेहो छलाह। पार्टीक राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष संजय कुमार झा, उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी, बिजेंद्र प्रसाद यादव आओर पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष उमेश कुशवाहा सहित कतेको मंत्री, विधायक आ विधान परिषदक सदस्य सभ एहि मे छलाह।

———————————————————————

दरभंगा आओर जयपुरक बिच अमृत भारत एक्सप्रेस ट्रेन के रेलमंत्री अश्विनी वैष्णव हरीयर झंडा देखा कऽ रवाना कयलनि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी वीडियों कॉन्फ्रेंस द्वारा उद्घाटन समारोह मे भाग लेलनि। ई ट्रेन सेवा सँ मिथिलांचल आओर उत्तर बिहारक यात्री सभ के बेसी सुविधा भेटत।

———————————————————————

राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी –एनटीए आई देशभरि मे नीट यूजी पुनर्परीक्षा लेल गेल। ई परीक्षा स्नातक मेडिकल पाठ्यक्रम में प्रवेशक लेल भेल अछि। ई परीक्षा भारतक पांच सय एकावन आ विदेशक चौदह शहर मे भेल अछि। एम्हर, राज्यक चौतीस जिला में तीन सय एकतीस केंद्र पर नीट यूजी परीक्षाक आयोजन कयल गेल। राज्य सरकार कदाचार मुक्त परीक्षा करेबाक लेल सुरक्षाक कड़गर प्रबंध कयने छल।

———————————————————————

समस्तीपुर जिलाक रहनिहार युवा क्रिकेटर वैभव सूर्यवंशी एक दिवसीय क्रिकेट में सभ सँ तेज अर्धशतकक विश्‍व रिकॉर्ड बनौलनि अछि। ओ दाम्बुला मे खेलल जा रहल त्रिकोणीय सीरीजक फाइनल मे आई श्रीलंका–ए के खिलाफ विस्फोटक बल्लेबाजी करैत मात्र एगारह गेंद मे अर्धशतक बनौलनि। ओ पाँच चौका आ पाँच छक्का मारलनि। वैभव सूर्यवंशी उनतीस गेंद में चौरानवे रनक पारी खेललनि। ओतहि, भारतीय टीमक पूर्व कप्तान आ जनलमानल खेलाड़ी सुनील गावस्कर वैभवक प्रशंसा करैत जनौलनि जे भारत के अगिला स्टार भेट गेल अछि। ओ जनौलनि जे आबय बला दिन मे ई खेलाड़ी कतेको आओरो रिकॉर्ड के ध्वस्त करत।

———————————————————————

समाप्त